

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Indonesia téh minangka hiji bangsa anu beunghar tur jembar ku rupa-rupa sélér bangsa katut budayana. Kacatet leuwih ti 700 sélér bangsa nu aya di Indonesia. Jembarna budaya anu dipimilik ku masarakat, tangtu perlu meunang pangrojong jeung perhatian anu leuwih daria ku cara diraksa jeung diriksa. Tina sakitu ratus sélér bangsa téh tangtu ngabogaan budaya jeung ciri-ciri anu has nu bisa ngabédakeun jati dirina jeung sélér séjénna, sakumaha nu kaunggel dina kacapangan *ciri sabumi cara sadésa*.

Ku ngagalurana modérenisasi jeung globalisasi nu mungkin mahabu, tétéla masih aya kénéh komunitas nu tagen tur pengkuh ngamumulé budaya karuhunna nyaéta masarakat adat Kasepuhan Ciptagelar Cisolok Sukabumi. Di éta kasepuhan, urang masih bisa nyaksian sacara langsung kumaha cara hirup masarakatna nu masih tukung nyekel deleg warisan budayana mangrupa papagon. Éta papagon téh minangka calecer (norma) anu di jerona aya pangjurung laku alus jeung panyaram lampah salah nu fungsina pikeun ngatur paripolah manusa. Matak teu anéh kahirupan masarakat adat Kasepuhan Ciptagelar éstuning ayem tengtrem, bérés roés, sauyunan jeung harmonis lantaran ngamalkeun jeung maké éta papagon téa. Sabalikna, saupama éta papagon dirempak tangtu bakal ngabalukarkeun kakacowan (*chaos*) di masarakatna. Nya nu ngarempakna ogé biasana bakal meunang sangsi (hukuman) ti luluhur adat. Cindekna, komunitas samodél kitu téh sok ditarelah masarakat hukum adat atawa *the indigenous people* (kampung adat).

Masarakat adat téh mangrupa hiji beungkeutan manusa nu ngabogaan pola-pola paripolah nu relatip sarua (homogén), tur éta paripolah téh tumuwuh jeung diwujudkeun ku masarakat. Salah sahiji kagiatan masarakat adat Kasepuhan Ciptagelar dina ngokolakeun jeung ngatur pola-pola kahirupanana nyaéta ngaliwatan pola garapan pancén (dumasar kaahlian), nu méh sakarupa jeung struktur sosial pamaréntahan. Pola garapan atawa babagian pancén dumasar

kamampuh jeung kompeténsina nu diwariskeun ti karuhunna dina struktur sosial Pamaréntahan Kasepuhan Ciptagelar disebut rorokan.

Rorokan sacara étimologis nurutkeun kamus Danadibrata (2006, kc. 586) asalna tina kecap rorok atawa orok-orok nu miboga harti dirorok saperti nu diorok-orok atawa diurus. Ieu hal patali jeung hiji pagawéan nu diurus jeung dikokolakeun sacara turun-tumurun tur aya jalma nu dipapancénan.

Tina pembagian pancén nu luyu jeung kamampuh sarta kompeténsina, éta sistem organisasi téh bisa lumangsung kalawan lancar jeung harmonis. Ku kituna, roda pamaréntahan éta kasepuhan bisa lumangsung sacara mandiri, hartina bisa nyubadanan pangabutuhna sorangan. Saluyu jeung pamadegan Rahman, 2017, kc. 23) yén karakteristik masarakat Ciptagelar bisa nyumponan kabutuhan sorangan sacara mandiri sarta pandangan hirup jeung tata laku nu miboga konsép sorangan, lantaran ku ayana rorokan adat téa.

Di Kasepuhan Ciptagelar rorokan adat téh aya salapan nu ngawengku: Rorokan Jero, Padukunan, Réndang Kandé, Panghulu, Pamakayaan, Paninggaran, Béngkong, Indung beurang jeung Paraji Hias. Unggal rorokan miboga fungsi jeung peran séwang-séwangan. Saperti halna baé rorokan *pamakayaan*, anu pancénna pikeun ngurus sagala rupa urusan nu patali jeung tatanén kaasup pakaya (huma jeung sawah) kasepuhan.

Para rorokan dina ngurus sagala urusan kasepuhan téh statusna aya disahandapeun paréntah sesepuh kasepuhan. Saperti halna baé, rorokan pamakayaan nu henteu bisa digarap ku jalma sagawayah lantaran patali jeung sifat jeung karakteristikna paré. Sakumaha nu ditétélakeun ku Kusdiwanggo (2016, kc. 45) yén pikeun masarakat Ciptagelar, kapercayaan ngeunaan paré atawa Déwi Sri henteu ngan ukur dina ranah pamikiran, tapi aya dina paripolah ngalaksanakeun ritual jeung aktivitas sapopoé saperti halna ngokolakeun paré nu geus jadi hal nu wajib dilaksanakeun ku nu ngarorokna.

Rorokan téh minangka wangun pendelegasian jeung pola garapan pancén sistem pamaréntahan dina pamaréntahan tradisional masarakat adat Kasepuhan Ciptagelar. Ayana rorokan, anu fungsina pikeun ngatur hubungan antara individu atawa kelompok dina kahirupan supaya bérés roés teu aya pacéngkadan da geus ngabogaan pancén séwang-séwangan. Warga kasepuhan pastina waé miboga

Elva Yulia Safitri, 2020

**ROROKAN ADAT (STRUKTUR PAMARENTAHAN TRADISIONAL) DI KASEPUHAN CIPTAGELAR
KABUPATEN SUKABUMI**

dadasar hiji prinsip sosial nu ngawengku sakumna pola kahirupan dina masarakatna.

Miang tina kaunikan jeung ciri khas tur mandiri, nu nalungtik hayang ngaguar perkara ieu rorokan. Hal ieu lantaran can aya nu nalungtik. Ngeunaan ieu hal pedaran diwatesanan kana aspék-aspék penting dina unggal rorokan nu patali jeung kahirupan sosial warga kasepuhan jeung pamaréntahan dina kontéks kahirupan masarakat.

Panalungtikan saméméhna anu ngarojong kana ieu panalungtikan nyaéta panalungtikan nu dilakukeun ku Kusnaka Adimihardja (1992) jeung Susilo Kusdiwanggo (2016) anu medar ngeunaan interaksi jeung cara ngamangpaatkeun lingkungan di Kasepuhan Ciptagelar anu ngawengku cara ngamangpaatkeun sumber daya alam nu aya di sabundeureun tempat masarakatna.

Dina ngalaksanakeun ieu panalungtikan, didasaran ku panalungtikan saméméhna nu aya patalina jeung ieu panalungtikan, nyaéta buku '*Kasepuhan yang Tumbuh di Atas yang Luruh*' Kusnaka Adimiharja, 1992. Nu medar ngeunaan pola-pola kahirupan masarakat adat sarta panalungtikan tésis Teva Delani Rahman jeung Susilo Kusdiwanggo nu judulna '*Pembentukan Konsep Ruang Perempuan Pada Masyarakat Budaya Padi Kasepuhan Ciptagelar Kabupaten Sukabumi*'. Nu medar ngeunaan konsép budaya paré (*traditional agriculture*) masarakat adat Kasepuhan Ciptagelar. Ogé skirpsi Noor Ilmi Amalia nu judulna '*Sistem Kepercayaan Kampung Adat Ciptagelar Kabupaten Sukabumi pikeun Bahan Pangajaran Maca di Kelas ku SMA (Tilikan Etnografi)*'.

Sasaruaan ieu panalungtikan jeung panalungtikan saméméhna nyaéta medar ngeunaan sistem Pamaréntahan tradisional saperti masarakat Kasepuhan Ciptagelar anu henteu bisa leupas tina aktivitas tatanén dina kahirupan sapopoéna. Sarta cara ngokolakeun kasepuhan nu diwengku ku rorokan adat atawa organisasi pamaréntahan. Sakumaha nu ditétélakeun ku Kusdiwanggo (2016) sarta Adimihardja (1992) yén masarakat Kasepuhan Ciptagelar masih raket patalina jeung adat istiadat karuhunna anu dilarapkeun dina kahirupan sapopoé. Bébédana ieu panalungtikan jeung panalungtikan saméméhna nyaéta leuwih ngajembaran deui panalungtikan nu nyoko kana sistem pamaréntahan dina ngamangpaatkeun

alam di sabundeureunana pikeun kabutuhan kahirupan sapopoé sarta patalina jeung struktur sosial pamaréntahan.

Salian ti mangrupa tarékah pikeun ngainvéntarisasi budaya, ieu panalungtikan bisa dimangpaatkeun pikeun kapentingan séjén saperti arsip budaya sarta bisa tuluy jadi dadasar pikeun panalungtikan séjénna. Utamana pikeun ngamumulé budaya sarta mikawanoh sistem pangaweruh tradisional hususna dina struktur pamaréntahan sarta aturan-aturan nu geus aya ti jaman baheula, pikeun masarakat biasa atawa masarakat adatna sorangan. Ku kituna, ieu panalungtikan dijudulan Rorokan adat (Struktur Pamaréntahan Tradisional) di Kasepuhan Ciptagelar Kabupaten Sukabumi (Ulikan Étnografi).

1.2 Rumusan Masalah

Masalah-masalah anu dipedar dina ieu panalungtikan, di antarana:

- 1) naon tugas jeung fungsi unggal rorokan adat di Kasepuhan Ciptagelar?
- 2) kumaha cara sesepuh Kasepuhan Ciptagelar dina ngokolakeun sistem pamaréntahanana?
- 3) kumaha hubungan antara rorokan adat jeung pamaréntahan di Kasepuhan Ciptagelar?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan anu hayang dihontal tina ieu panalungtikan nyaéta ngawengku tujuan umum jeng husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Medar jeung maluruh ngeunaan sistem pamaréntahan atawa organisasi masarakat nu disebut rorokan dina konsépsi masarakat adat Kasepuhan Ciptagelar pikeun mikanyaho fungsi sarta hubungan antara struktur sosial adat jeung pamaréntahan. Luyu kana rumusan masalah, ieu panalungtikan dipiharep bisa méré informasi ngeunaan sistem pamaréntahan kana salasihiji kabudayaan tradisional, pikeun bahan panalungtikan saterusna, sarta bisa dilarapkeun pikeun kahirupan sapopoé.

1.3.2 Tujuan Husus

Salian ti éta, panalungtikan ogé dipiharep bisa ngadéskripsikeun:

- 1) fungsi unggal rorokan adat di Kasepuhan Ciptagelar;
- 2) cara sesepuh Adat Ciptagelar dina ngokolakeun sistem pamaréntahanana;
- 3) hubungan antara rorokan adat jeung pamarentahan di Kasepuhan Ciptagelar.

1.4 Mangpaat/Signifikansi Panalungtikan

Mangpaat nu dipiharep tina ieu panalungtikan saperti ieu di handap.

1.4.1 Mangpaat Téoritis

Mangpaat sacara teoritis nyaéta bisa ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan organisasi pamaréntahan (rorokan adat). Lian ti éta, pikeun panalungtikan leuwih jero ngeunaan struktur jeung sistem pamaréntahan di Kasepuhan Ciptagelar Kabupatén Sukabumi.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi sumber informasi sarta jadi pangdeudeul pikeun panalungtikna sorangan, masarakat umum, pamaréntah, sarta pikeun saha waé anu ngabutuhkeun sangkan ngalegaan informasi tur pangaweruhna ngeunaan budaya jeung organisasi atawa struktur sosial masarakat adat (rorokan).

1.4.3 Mangpaat Isu jeung Aksi Sosial

Hasil tina ieu panalungtikan dipiharep bisa méré gambaran sarta ngeuyeuban pangaweruh ka masarakat utamana ngeunaan rorokan adat atawa sistem pamaréntahan tradisional anu méh sarua jeung sistem pamaréntahan nu bisa jadi tetekon masarakat dina lampah paripolah sapopoé pikeun milampah kahadéan.

1.4.4 Mangpaat Kawijakan

Hasil tina ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi panggentra dinas-dinas nu patali jeung kabudayaan, kawijakan nagara ngeunaan masarakat-masarakat adat nu leuwih diperhatikeun sangkan bisa jadi bahan pangaweruh ngeunaan organisasi

Elva Yulia Safitri, 2020

*ROROKAN ADAT (STRUKTUR PAMARENTAHAN TRADISIONAL) DI KASEPUHAN CIPTAGELAR
KABUPATEN SUKABUMI*

masarakat dina ngokolakeun kagiatan-kagiatan nu patali jeung kabudayaan boh di luar kota boh di mancanagara.

1.5 Wangenan Operasional

Sangkan ieu panalungtikan leuwih jéntré sarta henteu nimbulkeun persépsi anu béda-béda kana judul panalungtikanana, ku kituna perlu dirumuskeun ngeunaan wangun-wangun operasional, istilah-istilah atawa kecap-kecap nu dipaké dina ieu judul panalungtikan di antarana:

- 1) Kabudayaan, organisasi Pamaréntahan mangrupa hiji tina tujuh unsur budaya nurutkeun koenjaraningrat, dina ieu panalungtikan di jerona ngokolakeun organisasi nu disebut rorokan masarakat adat Kasepuhan Ciptagelar, nu dilaksanakeun sacara turun-tumurun dina masing-masing garapanana. Luyu jeung pamadegan (Budi, 2014) yén masarakat adat ngajaga kasaimbangan antara manusa jeung manusa, manusa jeung alam sarta manusa jeung gustina.
- 2) Organisasi Pamaréntahan (Rorokan), nyaéta sistem komunikasi kerja tradisional anu nyampak dina aktivitas atawa kahirupan sapopoé masarakat adat Kasepuhan Ciptagelar hususna dina wangun organisasi pamaréntahan atawa nu disebut rorokan adat di Kasepuhan Ciptagelar.
- 3) Étnografi, nyaéta métodeu nu nalungtik prilaku jeung hubungan sosial masarakat sacara alamiah, pisik, sipat sarta sosial budaya, sakumaha nu aya dina sistem organisasi pamaréntahan adat (rorokan) di Kasepuhan Ciptagelar Kabupatén Sukabumi.

1.6 Raraga Tulisan

Ieu skripsi disusun jadi lima bab. Raraga tulisan dina ieu panalungtikan nyaéta ieu di handap.

Bab I ngawengku kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, wangenan operasional jeung sistematika tulisan.

Bab II medar tiori anu patali jeung panalungtikan. Sawatara tiori anu dipedar di antarana konsép kabudayaan, adat jeung pamaréntahan, sistem pamaréntahan, jeung konsépsi masarakat adat Kasepuhan Ciptagelar.

Bab III medar métode panalungtikan ngawengku désain panalungtikan, lokasi jeung sumber data panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, téhnik ngolah data, jeung téhnik analisis data.

Bab IV medar hasil panalungtikan jeung pedaran, eusina ngadéskripsikeun sajarah jeung kamekaran masarakat adat Kasepuhan Ciptagelar, sistem pamaréntahan adat (Rorokan) di Kasepuhan Ciptagelar, peran jeung fungsi sistem pamaréntahan (Rorokan) di Kasepuhan Ciptagelar, cara sesepuh kasepuhan ngokolakeun kasepuhan jeung pamaréntahanna, sarta hubungan antara Rorokan jeung pamaréntahan.

Bab V ngawengku kacindekan, implikasi, jeung rékoméndasi